



Pou Piblikasyon Imedya: 03/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOJÈ 3.2 MILYON DOLA POU MODÈNIZE KÈ LANSMAN BATO AK PAK ETA BÒ LARIVYÈ A NAN COXSACKIE

Pak bò dlo ki revitalize a ap amelyore renovasyon Vilaj Konte Greene; Ogmante aksè ak eksperyans sou dlo yo

Gade [Rezilta](#) Zòn Lwazi Hudson Eagles ki fèk fèt la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon pwojè 3.2 milyon dola pou revitalize Kè Lansman Bato ak Pak Eta Bò Larivyè Cocksackie sou Rivyè Hudson nan Konte Greene. Pwojè a se ap premye kè lansman bato eta a k ap renove nan Zòn Lwazi Hudson Eagles la, yon inisyativ pou amelyore aksè piblik ak rezistans sou twonson sovaj Rivyè Hudson lan ant Albany ak Kingston epi amelyore koneksyon kominote bò dlo yo ak rejyon an.

"Estyè nan Nò Rivyè Hudson nan, yon twonson 97 km Rivyè Hudson soti Albany rive Kingston, se yon resous ekolojik epi rekreyatif ki enpòtan sou plan mondyal," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Zòn Lwazi Hudson Eagles la ofri opòtinite pou kreye yon destinasyon ki pa gen parèy, yon pak lineyè bò dlo k ap atire plis moun nan Rivyè Hudson epi konekte kominote yo pi byen ak bò dlo a, ak vwayajè sou dlo yo, pou kòmanse pa Vilaj Cocksackie. Anplis, nouvo amelyorasyon nan Sit Aksè Lapèch nan Kè Debakman Ferry sou rivaj lès Hudson nan deja ap pote plis rezidan lokal ak vizitè pou fè eksperyans lanati."

Gouvènè Hochul te anonse tou achèvmman amelyorasyon 900,000 dola pou Sit Aksè nan Lapèch nan Debakman Ferry atravè Rivyè Hudson nan vil Stuyvesant, Konte Columbia, ki konplete pwojè Zòn Lwazi Hudson Eagles la. Sit popilè a bay aksè piblik pou lapèch nan [Sit eleman Stockport](#) Rezèv pou Rechèch nan Estyè Nasyonal Rivyè Hudson nan.

Renovasyon Kè Lansman Bato ak Pak Eta Bò Larivyè a ki sèvi kòm plas piblik santral nan vilaj la, ap amelyore revitalizasyon kontini vilaj la. Yo prevwa pou konstriksyon an kòmanse 7 septanm epi pou fini nan sezon prentan 2022. Aksè piblik nan sit la ap fèmen pandan konstriksyon an.

Amelyorasyon sit yo ap enkli:

- Nouvo paviyon ouvè pou akeyi Mache Agrikòl pa semèn ak lòt aktivite espesyal.
- Nouvo pye bwa, peyizaj ak chèz nan tout sit la
- Koneksyon pou bisiklèt ak pyeton ki amelyore ant bò dlo a ak anba lavil la, ansanm ak nouvo twotwa pou amelyore sikilasyon pyeton nan tout sit la
- Nouvo siyalizasyon akèy, pou jwenn wout ak oryantasyon, ki enkli siyalizasyon sit ki fè fas ak dlo a pou kanotye yo, pano entèpretasyon, ak lòt eleman nan sit yo pou mete aksan sou istwa lokal ak restorasyon anviwònman Rivyè Hudson lan.
- Renovasyon tèren pou baskèt

Pwojè a ap renove epi modènize kè pou lansman bato ki egziste a ak nouvo pasrèl ak kè flotan pou rann li pi fasil pou lansman an; yon nouvo kè lansman kayak ki konfòm ak ADA; epi ajoute espas amaraj pou pasaje ak kanotye yo. Amelyorasyon anviwònmantal yo genyen ladan yo yon nouvo estasyon lavaj pou diminye pwopagasyon espès akwatik anvayisan yo, yon jaden lapli pou kontwole dlo siklòn yo, yon estasyon pou chaje machin elektrik, ak aparèy ekleraj LED.

Zòn Lwazi Hudson Eagles la deziyen yon nouvo zòn Lwazi Eta a, ki konsantre sou aksè ak ekperyans nan dlo. Dapre inisyativ sa, senk kè lansman bato eta siplemantè - nan Kè Lansman Bato Eta nan Cocksackie, Pak Eta Schodack Island, Sit Istorik Eta a nan Crailo, Kè Lansman Bato Eta a nan Athens, Kè Lansman Bato Eta a nan Hudson - ap resevwa modènizasyon ki elaji aksè pou bato, lapèch, ak obsèvasyon fòn nan.

Y ap ajoute komodite pou pak yo tou, ki enkli zòn piknik, paviyon, chèz ki laj, ak siyalizasyon sou komodite lokal ki toupre yo. Anplis, nan Kingston, Eta New York fè patenarya ak Scenic Hudson pou kreye yon nouvo pak eta 202 Ekta sou Rivyè Hudson. Sit yo ap lye ak imaj mak pataje, materyèl ak sitwèb edikatif. Amelyorasyon alavni yo depann de apwobasyon 3 milyon dola [Lwa Obligasyon pou Restore Manman Lanati \(Restore Mother Nature Bond\) Act](#), k ap enkli nan bilten vòt 2022 a.

"Pwojè a se yon premye etap ki pasyonan pou devlope potansyèl rekreatif epi edikatif Rivyè Hudson lan pi byen," **Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare.** "Eta New York ap travay pou favorize lè ak dlo ki pi pwòp, epi pwoteje espas ouvè, sa te ede fè yon kantite èg chov k ap ogmante retounen nan Vale Rivyè Hudson nan. Zòn Lwazi Hudson Eagles la ap selebre reyalizasyon anviwònmantal ekstraòdinè sa, amelyore aksè pou gwoup lwazi ki aktif, ogmante rezistans, epi enspire plis Nouyòkè pou apresye epi pwoteje mond natirèl yo a."

"Divèsite pwason ak peyizaj natirèl majestyè enpresyonan Rivyè Hudson nan atire pechè yo nan dlo li a kèlkeswa sezon an," **Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) la, Basil Seggos te deklare.** "Modènizasyon nan Sit Aksè pou Lapèch nan Kè Lansman Ferry a ki anonse jodi a ap bay aksè nan tout sekirite epi ki apwopriye nan Rivyè Hudson pou pechè tout kapasite. Amelyorasyon sa yo fèt pou sèvi pi byen, tout vizitè ki vle pwofite de bon jan anviwònman New York yo ak konpleman Zòn Lwazi Hudson Eagles la, lè yo mennen plis vizitè bò rivyè a pou pwofite de resous natirèl ekstraòdinè sa."

Amelyorasyon nan Sit Aksè pou Lapèch nan Kè Lansman Ferry DEC a

Se Inisyativ Adventure NY Eta a ki te bay finansman pou Sit Aksè pou Lapèch nan Kè Lansman Ferry a pou konekte plis Nouyòkè ak lanati. Modènizasyon yo ap bay vizitè yo opòtinite lapèch ki aksesib nan tout sekirite pandan y ap ede prevni ewozyon kontini nan rivaj la. Amelyorasyon yo enkli:

- Konstriksyon yon nouvo kè fiks pou lapèch 61 pye longè pa 10 pye lajè ki aksesib
- Ranfòsman klwazon an bwa ki egziste sou riv lès rivyè a
- Yon tretman rivaj 315 pye sou kote sid sit la pou prevni plis ewozyon wout la epi bay abita siplemantè sou kote rivaj la.

Majistra Vilaj Coxsackie Mark Evans te deklare "Vilaj Coxsackie kontan anpil pou obsève yon renovasyon ki plis pase nesèsè ki fèt sou Pak bò larivyè a. Nouvo paviyon an, ki elaji espas kè a, kè lansman kayak epi amelyore pasaj pyeton yo se kèk nan resous rezidan yo te di nou pandan ane ki pase yo, ke yo ta renmen wè ki ajoute nan pak la. Sa ap bay Mache Agrikiltè pa semèn nan ki deja reyisi, Festival bò larivyè, mizik nan seri pak la bourad epi jenere plis trafik bato ak anbakasyon nan pò a ak anba lavil."

Evens te kontinye pou di "Nou vle remèsye Pak Eta yo paske yo travay avèk nou epi pèmèt nou genyen kontribisyon nan fonksyonalite ak konsepsyon yo. Modènizasyon sa ap pèmèt plis aksè ak itilizasyon ki elaji nan pak la pou pwochen jenerasyon an ak lyen nan devlopman bò lanmè k ap fèt nan zòn anba lavil Coxsackie a."

Senatè Michelle Hinchey te deklare. "Revitalizasyon Kè Lansman Bato ak Pak Bò Larivyè Eta a nan Coxsackie nan potansyalite konplè li, se yon efò enpòtan k ap amelyore aksè piblik nan seri aktivite ki baze sou lanati enkwayab ke rejyon nou an genyen pou ofri epi ranfòse lyen ekonomik ak kominote biznis lokal la. Kounye a e plis ke jamè, nou rekonèt valè imans pak nou yo ak espas lwazi yo kòm zòn ki fè sante ak byennèt kominote nan rejyon nò eta a ak vitalite ekonomik ak anviwònmantral rejyon nou an jeneral pwogrese. Mwen kontan ke pwojè sa ap avanse pou kominote Konte Greene nou an ka kontinye pwofite de bèl pòsyon tè ak rivyè sa pou ane k ap vini yo."

Manm Asanble Chris Tague te deklare, "Pwojè sa se yon pwojè ki byenvini k ap ogmante itilite ak plezi Kè Lansman Bato ak Pak Bò Rivyè Eta a nan Coxsackie pou fanmi nan tout rejyon an, epi rann li pi rezistan pou jenerasyon k ap vini yo ka kontinye pwofite de tout sa li genyen pou ofri. Mwen patikilyèman kontan pou yon paviyon ki ajoute k ap bay pak la yon pi gwo kapasite pou akeyi mache agrikòl yo ak lòt evènman espesyal, k ap bay opòtinite kominotè pou vini ansanm epi wè sa kiltivatè, atizan ak biznis lokal yo genyen pou ofri."

John Lipscomb, Kapiten bato patwouy Riverkeeper (Gad Rivyè) ak Vis Prezidan pou Defans lan, te deklare "Riverkeeper bat bravo pou inisyativ sa pa Eta New York pou amelyore Pak bò larivyè a ak kè lansman bato a nan Coxsackie. Amelyorasyon sa yo ak pwojè ki menm jan ki planifye pou estyè nan nò Rivyè Hudson lan, konte pou vrèman yon gran inisyativ pa Pak Eta New York - pou kreye Zòn Lwazi Hudson Eagles. Depi li anplas Zòn Lwazi a pral fasilite plis aksè ak apresyasyon piblik la pou pati sovaj nò Estyè Rivyè Hudson nan. Ki, an retou, ap konstri plis konesans piblik ak sipò pou

pwoteksyon anviwònmantal ak ekolojik ki tèlman nesèsè a. Se bèl bagay lè piblik la ak rivyè a ke nou tout renmen an benefisyè an menm tan. Riverkeeper enpasyan pou sipòte inisyativ eta enpòtan sa nan tout fason ke nou kapab."

Ned Sullivan, Prezidan Scenic Hudson, te deklare, "Zòn Lwazi Hudson Eagles la mete aksan sou abita natirèl ak kalite pitorèsk espektakilè pòsyon Rivyè Hudson ant Kingston ak Albany. Scenic Hudson bat bravo pou travay Biwo Pak Eta New York (New York State Office of Parks) la ap fè pou fè investisman vital sa yo nan enteraastrikti pou rann Zòn Lwazi Eagles Recreation nan pi aksesib epi pi agreyab pou piblik la."

Pwojè Kè Lansman Bato Eta a nan Coxsackie fè pati inisyativ NY Parks 100 yo, yon investisman 440 milyon dola sou kat ane pou make santènè Lwa sou Pak Eta a an 2024. Objektif NY Parks 100 an se pou abòde twòp moun, fè pwomosyon vizit pa kominote ki defavorize yo, amelyore lwazi ak touris lokal, epi pwoteje resous anviwònmantal ak istorik yo.

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la nan Eta New York sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, tèren gòlf, ranp lansman bato ak plis bagay toujou, ki resevwa vizit 78 milyon moun chak ane. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite www.parks.ny.gov, telechaje [aplikasyon mobil NY State Parks Explorer](#) la gratis oswa rele nan [518.474.0456](tel:518.474.0456). Epitou, konekte sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [Twitter](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)